

Nouvo Verifikasyon Antesedan Jeneral Kisa Founisè Gadri an Gwoup yo Bezwen Konnen

Nouvo lwa federal ak lwa Eta yo egzije tout founisè, anplwaye ak volontè ki travay nan pwogram gadri yo fè yon nouvo Verifikasyon Antesedan Jeneral pou premye fwa a nan dat 30 septanm 2020 oplita, epi ankò omwen yon fwa chak senk (5) lane.

1. Kisa ki enkli nan Verifikasyon Antesedan Jeneral yo?

- Verifikasyon dosye antesedan kriminel Eta New York la nan Divizyon Sèvis Jistis Penal yo.
- Verifikasyon kazye jidisyè nasyonal la nan Biwo Federal pou Envestigasyon an (FBI, Federal Bureau of Investigation)
- Verifikasyon Rejis Nasyonal Delenkan Seksyèl nan Sant Enfòmasyon ak Krim Nasyonal la
- Verifikasyon Rejis Delenkan Seksyèl Eta New York
- Verifikasyon Rejis Santral Tout Eta New York la pou Vyolans ak Maltretans sou Timoun (SCR, Statewide Central Register of Child Abuse and Maltreatment)
- Verifikasyon Lis Eksklizyon Pèsonèl (SEL, New York State Justice Center Staff Exclusion List) Sant Jistis Eta New York

Pou tout moun ki te viv andeyò Eta New York la pandan nenpòt moman nan dènye senk (5) lane yo, Verifikasyon Antesedan Jeneral la enkli tou:

- Repètwa antesedan penal pou Eta rezidans (yo)
- Rejis delenkan seksyèl pou eta rezidans (yo)
- Repètwa abi oswa neglijan sou timoun pou Eta rezidans (yo)

2. Kisa yo egzije pou pwogram yo ak moun yo fè pou Verifikasyon Antesedan Jeneral yo?

- Pwogram gadri an gwoup yo dwe soumèt Fòm sa yo bay Inite Otorizasyon Santral (CCU, Central Clearance Unit) Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la:
 - Enfòmasyon sou Founisè Swen Sante, Pèsonèl ak Volontè (Fòm A1)
 - Demann pou Verifikasyon Lis Eksklizyon Pèsonèl la (Fòm A2)

Yo ka voye fòm yo pa imèl bay CCU@health.nyc.gov oswa pa faks bay 347-396-8052. *Tanpri konprann ke imèl sa a ka pa sekirize selon paramèt sekirite ou yo.*

- Pwogram gadri an gwoup yo dwe ranpli Fòm Verifikasyon Bazdone Rejis Santral la (LDSS-3370) epi rantr enfòmasyon yo sou Fòm lan nan bazdone Rejis Santral Tout Eta a pou Vyolans ak Maltretans sou Timoun (SCR).
 - Lè ou ap rantr enfòmasyon yo, bay nimewo otorizasyon pwogram ou an ak nimewo Idantifikasyon Gadri (DCID, Day Care Identification) olyede nimewo Sistèm Etablisman Gadri (CCFS, Child Care Facility System) a.
 - Yo pa bezwen soumèt Fòm SCR yo bay Inite Otorizasyon Santral (CCU) la.
 - Pèman an ka fèt sou entènèt avèk kat kredi; oswa yon lòt fason, voye manda postal (money orders) ak chèk labank (pa dwe chèk pèsonèl) dirèkteman bay:

NYS Office of Children and Family Services Bureau of Financial Operations
52 Washington Street, Rm 204S
Rensselaer, NY 12144

- Anprent dijital
 - Moun **Depatman Envestigasyon NYC (DOI, Department of Investigations)** a bay otorizasyon dwe fè de (2) kopi Fòm Otorizasyon ak Idantifikasyon Anprent Dijital (FPIA) ki ranpli yo epi soumèt touletwa (3) kopi yo (orijinal la ak de (2) kopi) nan DOI a nan moman randevou yo a.
 - Moun k ap resevwa otorizasyon atravè **Depatman Edikasyon (DOE, Department of Education) NYC** a bezwen pwogram yo a pou nome yo pandan y ap ajoute yo nan lis Sistèm Swivi Elijiblite Pèsonèl (PETS, Personnel Eligibility Tracking System) yo a. Sa pral deklennche yon Lèt Nominasyon ki soulinye etap pou moun nan fè, sa ki enkli yon kesyonè sou antesedan ak yon vizit nan 65 Court Street, Brooklyn, New York, 11201, pou y al fè anprent dijital.
 - **Anprent dijital la pa fèt nan biwo Depatman Sante NYC a.**

3. Èske tout pèsonèl — aktyèl ak nouvo — yo bezwen fè Verifikasyon Antesedan Jeneral yo?

Wi, tout pèsonèl la dwe pase nan nouvo Verifikasyon Antesedan Jeneral. Pèsonèl aktyèl ki te deja fè l anvan dat 1 ye oktòb 2019 la, bezwen fin pase verifikasyon an nèt nan dat 30 septanm 2020 oplita, epi nouvo pèsonèl la dwe fè l anvan yo kòmanse travay oswa anvan yo kòmanse fè benevola (gade kesyon #4 ak #5 lan).

4. Èske yon pèsonèl aktyèl ka kontinye travay pandan l ap tann pou l resevwa otorizasyon Verifikasyon Antesedan Jeneral yo?

Wi. Founisè, pèsonèl ak volontè ki fè verifikasyon yo anvan 1ye oktòb 2019, ka kontinye travay nan pwogram aktyèl yo jiska 30 septanm 2020. Depatman Sante NYC a pral founi plis konsèy konsènan planifikasyon mizanplas yo lè li disponib. Jouk lè sa a, pwogram yo ta dwe sispann soumèt pakè Seri-A a epi sispann mande nouvo otorizasyon pou pèsonèl aktyèl ak volontè yo.

5. Èske nouvo pèsonèl oswa volontè yo ka kòmanse travay pandan l ap tann pou l resevwa otorizasyon Verifikasyon Antesedan Jeneral yo?

Non, ANVAN moun nan kòmanse travay, pwogram nan dwe resevwa yon avi alekri nan men Depatman Sante NYC a ke nouvo pèsonèl la oswa volontè a te pase pwosesis otorizasyon an epi li elijib pou travay.

6. Kijan yo pral enfòme pwogram gadri an gwoup la rezilta Verifikasyon Antesedan Jeneral yo?

Pwogram gadri an gwoup yo pral resevwa yon imèl konsènan yon korespondans sou desizyon final la pou chak pèsonèl oswa volontè, k ap endike ke moun nan gen otorizasyon pou travay. Kòm yo pral voye korespondans sa yo nan imèl, pwogram yo dwe gen yon adrès imèl valid lidèchip pwogram nan kontwole. Asire w ke ou enfòme [biwo minisipalite nou an](#) si adrès imèl pwogram ou an chanje.

Konsève korespondans notifikasyon an nan dosye ou; yo dwe disponib sou demann Depatman Sante NYC a.

7. Kisa yon otorizasyon kondisyonèl pou travay ye?

Yo bay otorizasyon kondisyonèl aprè yon moun satisfè egzijans otorizasyon Eta a ak federal yo, men li poko ranpli otorizasyon andeyò Eta a (gade kesyon #1). Sèlman moun ki endike nan Fòm A1 a ke kounyeya y ap viv, oswa yo t ap viv pandan yon moman pandan senk (5) dènye lane, nan yon lòt Eta ki pa New York ka resevwa otorizasyon kondisyonèl pou travay. Pwogram gadri an gwoup yo pral resevwa yon lòt otorizasyon kondisyonèl nan imèl, korespondans rezolisyon final yo pral voye nan imèl kou otorizasyon andeyò Eta yo fin fèt.

Pèsonèl ki resevwa otorizasyon kondisyonèl yo pa ka rete san sipèvizyon avèk timoun.

8. Kijan yo jere Verifikasyon Antesedan Jeneral yo si yon moun te pase senk (5) dènye lane yo andeyò peyi a?

Pa gen okenn egzijans pou mennen yon verifikasyon antesedan nan lòt peyi. Sepandan, tout lòt egzijans otorizasyon yo aplike. Tanpri konprann ke otorizasyon andeyò eta yo aplike nan Teritwa ak Commonwealths Etazini yo – Distri Kolonbi, Zile Vyèj Etazini, Guam, Zile Marianne nan Nò, Samoa Ameriken ak Pòtoriko.

9. Si pèsonèl la travay nan plis pase yon pwogram gadri an gwoup, èske yo dwe fè Verifikasyon Antesedan Jeneral yo nan chak espas travay yo?

Kou yon moun pase Verifikasyon Antesedan Jeneral yo epi li resevwa yon otorizasyon, yo pa bezwen fè l pran anprent dijital yo ankò pou travay nan yon lòt pwogram gadri; sepandan, pwogram k ap anboche a dwe soumèt yon Fòm demann renonsiyasyon (Fòm A3) epi refè verifikasyon sou Vyolasyon ak Maltretans sou Timoun (SCR) Rejis Santral pou Tout Eta New York la epi verifikasyon Lis Eksklizyon Pèsonèl Sant Jistis New York (SEL) la pou chak lye travay adisyonèl. Si gen nenpòt poz nan sèvis ki dire plis pase 180 jou, Verifikasyon Antesedan Jeneral la dwe refèt, sa ki vle di fè yo refè anprent dijital ankò.

10. Èske yon moun ka konteste yon desizyon ki ekskli yo pou yo pa travay nan yon pwogram akoz kazyè jidisyè yo?

Wi. Si yo pa bay yon moun otorizasyon epi li gen yon dosye ki pa enkli yon zak kriminel ki diskalifye l, li ka konteste desizyon an. Yo pral enfòmè moun nan osijè dwa sa a ak pwosesis kontestasyon a nan korespondans desizyon an.

11. Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon konsènan Verifikasyon Antesedan Jeneral yo?

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou deklare nenpòt pwoblèm ki konsène pwosesis otorizasyon an, tanpri kontakte [biwo minisipalite ou an](#). Epitou ou ka kontakte Inite Otorizasyon Santral Depatman Sante NYC a (CCU) nan CCU@health.nyc.gov.